



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO, LIDÈ MAJORITE FLANAGAN AK PREZIDAN HEASTIE  
ANONSE YON AKÓ SOU LEJISLASYON AN POU PWOTEJE EPI SIPÓTE  
TRAVAYÈ YO KI NAN ENDISTRI SALON MANIKI**

Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena John Flanagan ak Prezidan Asanble a Carl E. Heastie jodia te anonse ke yo te rive jwenn yon akò twa pati sou lejislasyon an kap pwoteje ak sipòte travayè yo ki nan endistri salon maniki yo. Lejislasyon an otorize Depatman Eta pou fèmen biznis yo ki vyole lwa ak etabli nouvo opòtinite pou moun yo travay pandan yap etidye pou egzamen lisans yo.

“Avèk akò sa, nap voye yon mesaj ke nou pap tolere eksplwatasyon nan plas travay nan Eta New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lejislasyon sa a pèmèt eta diminye sou move aktè yo nan endistri salon maniki a epi kenbe yo responsab. Li egalman senplifye pwosesis lisans pou travayè yo kidonk yo ka jwenn fòmasyon yo bezwen an pou ale delavan pwofesyonèlman san yo pa rete otaj anplwayè yo. Aksyon nou yo pral fè endistri salon maniki a vini pi ansekirite ak pi ekitab, e mwen fyè dèske New York ap kanpe pou pwoteje travayè yo ki pa kapab pwoteje tèt yo.”

Lidè Majorite Sena John Flanagan te deklare, “Lejislasyon sa ap kontinye angajman long New York pou asire ke biznis li yo favorize yon bon jan kalite anviwonman ki ansekirite pou alafwa travayè ak konsomatè yo. Mwen remèsye Gouvènè a, Senatè Venditto ansanm avèk kòlèg nou yo nan Asanble a paske yo te ede nou rive jwenn yon akò sou pwojè lwa sa a.”

“Se devwa nou pou pase lwa sa a pou asire sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo,” te deklare Prezidan Asanble a Carl Heastie. “Travayè yo nan tout domèn ki pa gen fòmasyon, ki sibi move tretman, oswa ki manke touche merite sipò nou kòm nap travay pou ranfòse ekonomi nou an epi bati yon New York ki pi bon ak pi egal.”

Senatè Michael Venditto, Prezidan Komite Sena sou Pwoteksyon Konsomatè, te deklare, “Lejislasyon sa touche vrè balans nan pwoteje travayè yo nan endistri salon maniki yo kont eksplwatasyon ansanm avèk konsomatè nou yo. Li mande anrejistreman yon nouvo klas travayè ke yo pral rele stajyè zong spesyalize. Lè nou bay travayè yo bon jan kalite fòmasyon epi pwoteje yo kont kondisyon travay ki pa ansekirite nou ka anretou bay konsomatè nou yo lapè despri.”

“Travayè yo nan endistri maniki a, tankou anpil moun ki nan pozisyon revni fèb, ka sibi eksplwatasyon ki mete yo menm avèk lòt moun a risk. Byenke sa se pa yon pwoblèm nan tout salon yo, règleman yo nan tout eta enpòtan pou asire ke sante ak byennèt toulède travayè ak anplwaye yo nan salon maniki yo,” te deklare manm asanble Ron Kim. “Lejislasyon sa a non sèlman etabli règleman sila yo, men egalman li bay travayè salon yo ansanm avèk operatè yo fòmasyon ak resous yo bezwen pou yo reyisi.”

Anpil anplwaye nan salon maniki yo ap andire kondisyon travay ki pa ansekirite ak pratik delwayal travay. Vantilasyon inadekwat, manke ekipman pwotektiv pèsònèl, non-peman salè, kouvèti konpansasyon travayè pa egziste, manke asirans responsabilite biznis, ak etablisman kap fonksyone san lisans ka antrave sante ak sekirite anplwaye yo ansanm avèk kliyan yo. Akò a asire kapasite eta pou aji rapidman nan fason pou pwoteje piblik la epi bay travayè yo jisitè lè yo etabli:

**Otorite ap fèmen biznis yo ki vyole lwa a:** Gouvènè a te entwodui lwa ki ta otorize Depatman deta pou pran aksyon imedyat kont yon biznis ki pa swiv lwa a. Depatman an ka fèmen yon biznis lè li mande sesasyon aktivite ki pa gen lisans oswa asirans, epi ogmante penalite finansye pou vyolasyon.

**Estaj pou Travayè yo:** Gouvènè a te entwodui lwa ki pral etabli nouvo opòtinite pou praktisyen maniki yo ki pa gen lisans pou anrejistre avèk eta kòm estajyè, olye ke yo konte sou pwogram edikasyon ki souvan chèche anpil, kidonk yo ka kontinye travay pandan yap etidye pou egzamen lisans yo. Avèk zouti sa a, travayè yo ka efektifman jwenn fòmasyon enpòtan epi eksplòre opòtinite nan endistri a san yo pa rete otaj okenn anplwayè.

Anplis, tout travayè yo nan endistri maniki a pral gen aksè a yon laj varyete resous ki disponib atravè Depatman Travay pou jwenn yon djòb.

Lejislasyon an [konplete](#) chanjman ak règleman administratif ke Gouvènè Cuomo te anonse nan kòmansman ane sa a. Li sipòte travay gwoup travay plizyè ajans Gouvènè Cuomo a, sa ki gen ekip ranfòsman nan domèn nan pou rekipere lajan salè ke yo te vòlè epi fèmen pi move ofansè yo nan endistri a, ak yon kanpay sansibilizasyon piblik

plizyè lang ki vize nan direksyon travayè yo, anplwayè ak konsomatè pou asire ke yo tout edike sou dwa, devwa ak responsabilite yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418